

UJI KAKUATAN NGAHALANG RACIKAN BAWANG BODAS (*Allium sativum L*) SALAKU FUNGISIDA KANA TUMUWUHNA SUUNG ALTERNARIA SP TUTUWUHAN JERUK (*Citrus Sp*)

Ku:
Herlin Desintha
135040013

RINGKESAN

*Panalungtikan ieu ngabogaan maksud kanggo ningali kakuatan ngahalang ku racikan bawang bodas (*Allium sativum L*) salaku fungisida kana tumuwuhna suung *alternaria Sp* Tutuwuhan jeruk (*Citrus sp*). Panalungtikan ieu dipigawé dina bulan Méi 2017. Alat ukur nu diukur nyaéta tumuwuhna kumpulan suung nu tuwuh di sabudeureun wadah nu geus disadiakeun dina Mangsa 5 poé di tempat nu geus di atur hawana. Panalungtikan ieu mangrupa nyobaan ku nyieun racikan bawang bodas jeung sababaraha konsentrasi nyaeta ti mimiti, 30%, 40%, 50%, 60%, 70% jeung mariksa maké cai sulingan. Dumasar hasil panalungtikan ieu diala ku cara ngukur tumuwuh gede'na rata-rata jamur *Alternaria sp* kalayan dilakukeun opat pangulangan. Itung-itungan dina panalungtikan ieu make alat SPSS, alat ngolah data anu dilakukeun di Laboratorium Biologi FKIP Universitas Pasundan Bandung. Hasil tina itung-itungan ieu nunjukkeun yén ku cara me're'keun racikan bawang bodas dina sababaraha konsentrasi eta bisa ngahalang tumuwuhna jamur *Alternaria sp*, nyaéta dina konsentrasi anu dimimitian ti 60% ka 70% éféktif dina ngahalang tumuwuhna suung *Alternaria sp* kalayan tumuwuhna rata-rat eta suung téh 0 (euweuh nu tuwuh) lantaran euweuh kumpulan anu tumuwuh, eta hartina euweuh kumpulan anu tumuwuh teh ngabuktoskeun tambah alusna eta racikan bawang bodas dina ngahalang tumuwuhna suung *Alternaria sp*.*

*Kata Konci: racikan bawang bodas (*Allium sativum L*), jamur *Alternaria sp*, tatangkalan Jeruk (*citrus sp*).*